



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPANSYON \$125 MILYON DOLA POU GALRI ALBRIGHT-KNOX KI NAN BUFFALO

Pwojè Ki Sipòte pa \$10 Milyon Dola nan Finansman Eta

Premye Ekspansyon Mize an pandan 60 An Mete An Valè Renesans Rejyon Lwès New York lan

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon ekspansyon \$125 milyon dola Galri Atistik Albright-Knox lan ki nan Buffalo. Pwojè ke yo selebre an li sipòte pa yon angajman ki pataje pou \$10 milyon dola nan finansman eta a pa Gouvènè an ansanm ak Sena Eta New York lan. Ekspansyon mize an, AK360, gen ladan plan pou yon nouvo batiman ak pwogram ki amelyore pou konplèman renesans ekonomik ak kiltirèl ke Rejyon Lwès New York lan te eksperimante pandan ane sa yo la. Pwojè an te apwiye pa grenn pi gwo donasyon prive an pou yon enstitisyon kiltirèl nan istwa Buffalo.

“Soti nan onore èv modèn klasik yo rive nan ekspoze sa ki pi bon nan Buffalo yo, Galri Albright-Knox te sèvi kòm yon enstitisyon kiltirèl ki selèb nan Rejyon Lwès New York lan pou lòt jenerasyon yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak ekspansyon sa, mize sa ke yo selebre an pral elaji pi plis pòte li epi bay plis Nouyòkè, vizitè ak abitan yo opòtinite pou yo pwofite de ekspozisyon pèmanan li yo. Pwojè sa se plis prèv renesans Rejyon Lwès New York lan, epi leta fyè pou li sipòte inisyativ inik sa ki pral fè benefisye tout rejyon an okonplè.”

John J. Flanagan, ki se Lidè Majorite Sena a, te deklare, “Galri Atistik Albright-Knox lan se premye espas ekspozisyon pou èv atistik modèn ak kontanporen, avèk dè milye travay ki sèvi kòm yon resous kiltirèl epi edikatif pou vizitè ilimite yo ki soti atravè tout eta a ak peyi an. Mwen fyè dèske Eta New York, epi espesyalman Sena Eta New York lan, kapab investi resous ki pou pèmèt li kontinye reyalize misyon ekstraòdinè li an, pandan l’ap pwomouvwa devlopman ekonomik ak touris nan Rejyon Lwès New York lan.”

Fonde an 1862 antan ke Akademi Bèl Èv Atistik Buffalo, Galri Atistik Albright-Knox lan gen ladan yon koleksyon selèb èv atistik modèn ak kontanporen yo. Albright-Knox te elaji de fwa anvan, anviwon chak 60 an, ak konstwiksyon inisyal mize an nan lane 1905 ak yon nouvo paviyon ki te ajoute an 1962. Twazyèm ekspansyon an te gen objektif pou konstwi yon batiman ki totalman nouvo ki gen etablisman ki renouvle ak kapasite pwogram ki elaji. Ak ekspansyon sa, Albright-Knox pral reflete epi ekspoze

revitalizasyon kiltirèl ak ekonomik k'ap fèt nan Buffalo ansanm ak nan tout Rejyon Lwès New York lan.

Albright-Knox te devlope pilye pwojè ekspansyon AK360 lan yo kòm yon rezilta de yon jefò sansibilizasyon piblik ki dire 18 mwa. Baze sou enfòmasyon piblik, Albright-Knox te devlope konsèp AK360 lan, ki pral pran yon vizyon 360 degre sou relasyon ki genyen ant mize a ak anviwònman li an.

Ekspansyon pwojè an pral:

- Bay yon espas ki pi laj pou ekspoze koleksyon travay chèf yo, ki te ogmante kat fwa depi dènye ekspansyon an nan lane 1962.
- Kreye premye etablisman yo pou ekspozisyon espesyal yo.
- Amelyore eksperyans vizitè an ak nouvo espas epi ki pi bon pou edikasyon, manje ak rasanbleman espesyal yo.
- Entegre kanpis mize an nan Pak Delaware Frederick Law Olmsted lan.

Pwojè AK360 lan li sipòte alafwa pa finansman piblik ak prive yo, ki gen ladan grenn donasyon prive ki pi gwo nan yon enstitisyon kiltirèl nan istwa Buffalo. Jeffrey Gundlach, ki se yon natif natal nan Buffalo, te pwomèt \$42.5 milyon dola pou mize a. Donasyon istorik sa te ankouraje kominote Buffalo an nan sipòte pwojè a, nan enspire mize a pou ogmante objektif plan kapital lan rive \$125 milyon dola.

Senatè Michael H. Ranzenhofer te deklare, “Ekspansyon konsiderab sa de yon bon enstitisyon kiltirèl sa ekspoze renesans k'ap fèt nan Rejyon Lwès New York lan. Pandan plizyè ane ki sot pase yo, rejyon nou an te wè revitalizasyon ekonomik remakab ansanm ak pwogrè, epi Galri Albright-Knox lan ki elaji an pral atire plis vizitè pou temwanyen transfòmasyon Rejyon Lwès New York lan ak tout sa ke li gen pou ofri.”

Senatè Patrick Gallivan te deklare, “Anons jounen jodi a selebre non sèlman istwa rich Eta New York lan, men tou trajektwa ekonomik pozitif rejyon Buffalo an. Nou remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li rejwenn nou nan Galri Atistik Albright-Knox lan pou rekonèt èv atistik eklektik ki kreye bò isit la nan Rejyon Lwès New York lan, ak lòt kote ankò. Nou espere wè plis devlopman ak kwasans kiltirèl ankò atravè kominote a avèk transfòmasyon memorab la.”

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Pwojè sa make dènye devlopman majè an nan nouvo revitalizasyon Rejyon Lwès New York lan. Ekspansyon Galri Atistik Albright-Knox lan refleto òf kiltirèl rich nan rejyon an yo, menm jan ak kwasans ekonomik enpòtan pandan plizyè ane pase yo. Gouvènè Cuomo te yon alye lwayal pou Rejyon Lwès New York lan, ak investisman majè yo ki pou asire yon avni ki pi briyan ankò pou fanmi ak kominote rejyon sa yo. Pwojè ekspansyon sa pral kontinye ak tandans k'ap monte an, nan pote nouvo pòs travay, vizitè ak resous Rejyon Lwès New York lan yo.”

Byron W. Brown, ki se Majistra Buffalo an, te deklare, “Sa se yon jou istorik pou

Mize Atistik Albright-Knox-Gundlach Buffalo an ansanm ak Vil Buffalo a. Èv atistik yo se yon pyès fondamantal nan vitalite kiltirèl, edikatif, ak ekonomik Buffalo an, epi kado \$42.5 milyon dola sa pou mize an pa Jeffrey Gundlach ki se yon natif natal Rejyon Lwès New York lan, pozisyone enstitisyon an pou jwe yon pi gwo wòl nan reyaparasyon enpòtan Buffalo an, ki te favorize deja pa angajman pèmanan Gouvènè Andrew Cuomo an anvè vil nou an. Angajman jenere sa, ansanm ak ekspansyon pwojè Albright-Knox lan, sipòte yon avni ki pi briyan pou vil nou an, k'ap transfòme konsiderableman mize an epi favorize lavi kiltirèl epi ekonomik nan Buffalo.”

Mark C. Poloncarz, ki se Chèf Ekzekitif Konte a, te deklare, “Konte Erie te pami premye sipòtè vizyon enteresan sa pou Galri Atistik Albright-Knox lan, epi nou fyè pou nou rejwenn patnè nou yo nan sektè prive an ak gouvènman an ki te rejwenn jefò sa tou. Galri sa selèb nan lemond antye epi li se yon trezò kiltirèl nan Konte Erie, yonn ki pral wè nouvo kwasans epi pwofite de yon pwofil ki pi wo ankò ak ekspansyon sa. Anons sa jounen jodi a se premye pa annavan pou yon avni briyan pou nouvo Mize Albright-Knox-Gundlach Buffalo an, epi mwen remèsye Jeffrey Gundlach, menm jan ak Gouvènè Cuomo, pou gwo sipò yo an pou pwojè sa.”

Jeffrey Gundlach te deklare, “Mwen te aprann sou èv atistik yo lè mwen te ale nan Galri Atistik Albright-Knox lan ansanm ak fanmi mwen. Se te kote ki te premye ouvri zye ak lespri mwen sou posibilite ilimite èv atistik yo, epi sa te montre mwen ke Buffalo pa’t sèlman gen potansyèl pou grandè, men aktyèlman te gen yon mize ki te de klas mondyal. Se poutèt sa ke mwen te vle fè kado defi sa bay AK360: pou enèjize pwojè a, bal yon pousad dinamis epi ankouraje antouzyas donatè prive ak fondasyon yo ansanm ak sektè piblik lan, ki enkli Vil Buffalo, Konte Erie ak Eta New York lan.”

Janne Sirén, ki se Direktris Peggy Pierce Elfvín Galri Atistik Albright-Knox lan, te deklare, “Anpil nan vil yo atravè mond lan te reyevante tèt yo nan envesti nan kilti, epi kounye a Buffalo rejwenn ran mouvman sa, ak istwa kiltirèl rich mize an, ak vizyon kouraje pou nan fiti ranpli kabiran nan motè yon renesans sosyal epi ekonomik. Èv atistik ak kilti, ansyen baliz idantite imèn yo, di nou ki kote nou soti, kilès nou ye, ak kisa nou kapab aspire pou nou ye. Aksè a èv atistik ak kilti se yon dwa imèn bazik epi sa se sa pwojè devlopman kanpis nou an, AK360, konsiste an jeneral.”

Robert G. Wilmers, ki se Prezidan kanpay kapital AK360 lan epi Prezidan Direksyon epi Ofisye Chèf Ekzekitif M&T Bank an, te deklare, “Kado defi an ke Jeffrey Gundlach te konsevwa a te deja pwouve li transfòmatif pou kanpay la ak mize an, epi nou rekonesan anpil. Envestisman yo nan gwo enstitisyon kiltirèl yo pwodwi gwo avantaj pou vil ak kominote yo an yo, nan ogmante kapital sosyal epi ekonomik yo. Kado remakab sa ansanm ak kokennchenn sipò ke li te ankouraje a pral gen yon enpak pwofon sou lavi sivik nan Buffalo ak nan Rejyon Lwès New York lan pou jenerasyon k'ap vini yo.”

###